Қарақалпақстан Республикасы
Мәлимлеме - китапхана орайы



# *«Туран баҳадыры»*

*Бес мәртебе жәҳән чемпионы*
*Еркинбай Қутыбаев*

*(Библиографиялық көрсеткиш)*

Нөкис - 2020

# *Кирисиў*

Уллы Ўатанымыз болған Өзбекстан Республикасында соңғы жылларда мисли көрилмеген жаңалықлар жүз бермекте. Ғәрезсизлик жылларында бай руўхый мийрасларымыз, миллий үрп - әдетлеримиз, диний қәдириятларымыз, спортымыз, ана тилимиз қайта тикленип, биз өзлигимизди аңлаўда көплеген жетискенликлерди қолға киргиздик. Мәмлекетимизде ғарезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап ақ жәмийеттиң барлық тараўлары үлкен жетискенликлерге еристи. Спортқа қаратылған айрықша дыққат итибардың нәтийжесинде спорт пенен шуғылланыўшы инсанлардың саны жылдан-жылға артып бармақта. Халықты дүньяға тез танытатуғын бул сол елдиң мәденияты менен спорты, көркем өнери болып есапланады. Елимизде спортқа деген айрықша дыққат итибардың нәтийжесинде Республикамызда бир қатар халық аралық турнирлер, Азия, жәҳән чемионатларына мезбанлық етпекте. Қарақалпақстан Республикасы ҳәр тәреплеме табысларға ериспекте. Соның ишинде спорт тараўы әдеўир ҳәр тәреплеме тез пәт пенен раўажланды. Спорт оқыў орынлары, футбол, жүзиў, теннис, гимнастика, гандбол, еркин гүрес, бокс түрлери кең раўажланды. Президентимиздиң спорт тараўын раўажландырыў бойынша усыныс ҳәм басламалары тийкарында елимизде мақсетли жумыслар алып барылып атыр. Спорт түрлериниң ғалабалығына ерисиўде мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик шөлкемлердиң бирге ислесиўи, жәмийетте саламат турмыс тәризин ен жайдырыў, спорт арқалы саламатлықты беккемлеў жолында өз нәтийжесин берип келмекте. Спорт жасларға ел танытады ҳәм ғарезсиз ел ул-қызларының тарийхый қысқа ўақыт ишинде ерискен таң қаларлық табысларын көрсетеди, жаңа дослар арттырады. Ең баслысы спорт пенен шуғылланған ҳәр бир жигит пенен қыз өзиниң күшин ҳәм уқыбын халыққа көрсетеди. Даңқы елге жайылып ел халқының алғысына миясар болады. Инсан ушын буннан үлкен бахыт болмаса керек. Мине усындай бәлент бахытқа миясар болған даңқлы жасларымыздың бири - жәҳәнди бес мәртебе дүрликтирген азамат - Еркинбай Қутыбаев.

Оның өмир жолы, спорт майданындағы хызметлери, елимиздиң даңқын әлемге жайыўдағы мәртлик ислери спорт ышқыпазлары ушын ғана емес, ал



барлық жас әўлад ушын әжайып мектеп болады. Тайбокс бойынша бес мәрте жәҳән чемпионы, жерлесимиз Еркинбай Қутыбаев.

Еркинбай Қутыбаев 1972-жылы 28-август күни Нөкис қаласында туўылған. Киев қаласындағы инженерлик-қурылыс Университетин 1994-жылы питкерген. 1994-1996 жыллары Ташкент қаласындағы қоспа қурылыс «Язекс», 1996-1997 жыллары «Стеллор» фирмасында, 1997-1999 жыллары Өзбекстан Республикасы Байланыс экономикалық министрлигинде бас қәниге, 1999-2002 жыллары усы министрликте биринши категориялы қәниге, 2002-2004 жыллары Өзбекстан Республикасы балалар спортын раўажландырыў қоры Қарақалпақстан филиалы директоры, 2004-2006-2010 жыллары Нөкис Олимпия резервлери коллежи директоры, Өзбекстан Республикасы Мәдений ҳәм спорт ислери минстрлигиниң спорт бойынша орынбасары лаўазымларында жемисли мийнет етти. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине депутат, Спорттың бокс бойынша устасы, Халық-аралық дәрежедеги кик-бокс бойынша уста, Халық-аралық тай-бокс устасы, 1999- жылы «Ўзбекистон ифтихори» атағы, 2002-жылы Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен спортшы, 2004-жылы Өзбекстан Республикасына хызмет көрсеткен спортшы атақларын алыўға миясар болды.

Еркинбай Қутыбаев Киев қаласындағы инженерлик-қурылыс Университетин питкергеннен кейин, Бангкокта болатуғын жәҳән чемпионатына 1995-жылы Украина сайланды командасының қурамында қатнасып тайбокс бойынша жеңисти биринши жәҳән чемпионатын қолға киргизди. Таиланд короли усынған алтын медаль ҳәм алтын белбеў жеңип бийбаҳа саўға алды.

Е. Қутыбаев екинши мәртебе 1997-жылы Өзбекстан сайланды командасының қурамында қатнасып, Бангкокта өткен жәҳән чемпионаты мәмлекетимиз спортшыларының, туўған жердиң абырайын бәлентке көтерди. Жеңимпаз азаматлардың ерлиги себепли Бангкок стадионы үстинде биринши мәрте мәмлекетимиз гимни жаңлады. Еки мәрте жәҳән чемпионы атағын алған Еркинбай Қутыбаев Таиланд королиниң саўғасын – алтын белбеў ҳәм алтын медаль алса, өзи менен бирге барған еки ўатанласы гүмис медаль, бир жигит бронза медаль алды. Бул оғада зор жетискенлик еди.



Еркинбай Қутыбаев.

Еркинбай Қутыбаевтың спорттағы табыслары барған сайын күшейе берди. Ол тайбокс бойынша Өзбекстан чемпионы болды. Соң Таиландта өткерилетуғын жәҳән чемпионатына жоллама алып күшли таярлық көрди ҳәм өзбекстанлы азаматлар қатарында 1998- жылы үшинши мәрте Бангкок қаласына келди. Шет елден келген қарсыласларын жығып, Е. Қутыбаев үшинши мәрте жәҳән чемпионы болды. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинде Еркинбай Қутыбаевтың ҳүрметине қабыллаў болды. Республика басшылары спортшыны үлкен жеңиси менен қутлықлады ҳәм Жоқарғы Кеңес ҳәм Министрлер Кеңеси атынан саўға ретинде «Тико» автомобилиниң гилтин тапсырды. Усы жылы Бангкок қаласында XIII Азия ойынлары өткерилди. Еркинбай Қутыбаев тайбокс бойынша көргизбели жарыста өз салмақ категориясында биринши орынды ийелеп, тағы бир алтын медальды жеңип алды.



Өзбекстанлы делегация Бангкокта.

2002 - жылы Өзбекстан сайланды командасы атынан Бангкокта өткерилген жәҳән чемпионатында Еркинбай Қутыбаев төртинши мәрте жәҳән чемпионы болды.

2004 - жылы Таиландта тайбокс бойынша нәўбеттеги жәҳән чемпионаты болып өтти. Чемпионатқа Өзбекстан сайланды командасы атынан қатнасқан Еркинбай Қутыбаев бесинши мәрте жәҳән чемпионы болды.

Қарақалпақстанның даңқын әлемге жайып, елимиздиң мақтанышы болып киятырған Еркинбай Қутыбаевты республикамыздың басшысы Муўса Ерниязов рәсмий түрде қабыл етип, оны бесинши мәрте жәҳән чемпионы

болыўы менен кутлықлады. Қарақалпақстан ҳүкимети атынан оған «Нексия» автомашинасын саўға етти.
Мәлимлеме-китапана орйына келген китап оқыўшыларға, жасларға спорт пенен шуғылланып, чемпион болып елимиздиң гимнин жаңлата бериўине тилеклеспиз.

Көрсеткишге киргизилген материаллар төмендеги тәртипте жайластырылды: ***(1) Еркинбай Қутыбаев ҳаққында (2) Еркинбай Қутыбаевтың спорт майданындағы жетискенликлери***

Әдебиятлар кирилл ҳәм латын жазыўында избе-из алфавит тәртипте жайластырылды.
Материалларды жыйнаў дереклери: электрон, алфавит ҳәм системалы каталогы, үлкетаныў картотекасы, газета-журнал мақалалары картотекасы болып есапланады.



## *1. Еркинбай Қутыбаев ҳаққында*


**1.** Әбдирахманов О. Инсан нәзери: [«Қарақалпақ уғланы» атлы ҳүжжетли фильм Еркин Қутыбаев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. - 2011. - 23 апр.

**2.** Бердибаев М. Чемпионами не рождаются, а становятся: [ Беседа с Е. Кутыбаевым] // Вести Каракалпакстана. – 2004. – 15 июня.

**3.** Бердибаев М. Пятикратный чемпион надеется….: [Беседа с Е. Кутыбаевым] // Вести Каракалпакстана. – 2004. – 20 нояб.

**4.** «В Людях ценю порядочность и честность», - говорит пятикратный чемпион мира Еркин Кутыбаев: [Беседовала А.Аминова]. // Вести Каракалпакстана. – 2005. – 1 окт.

**5.** Гүлимбетов С. Спорт тараўында: // Мәденият ҳәм спорт. – 2005. – 24 март.

**6.** Даўлетназарова С. Қарақалпақлардың Еркинбайдай уллары бар: // Қарақалпақстан ҳаўазы. - 1998. - 30сент.

**7.** Ефремов А. Умение держать удар: [Чемпионат по кикбоксингу Е. Кутыбаев] // Вести Каракалпакстана. – 1997. – 9 май.

**8.** Жайбергенов С. Муай-тай. // Мәденият ҳәм спорт. – 2005. – 22 окт.

**9.** Жолдасбаев С. Еркинбай Қутыбаев: [Еркинбай Қутыбаев ҳаққында] // Қарақалпақстан спорты. – 2004. – 27 янв.

**10.** Жолдасова А. Дүньяға танылған азамат: [Боксёр Еркинбай Қутыбаев ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. – 1997. – 15 май.

**11.** Идирейсов А. «Өзбекстан Республикасына мийнети сиңген спортшы», «Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген спортшы» [Е. Қутыбаев ҳаққында] // Қарақалпақстан спорты. – 2004. – 28 авг.

**12.** Йўлдашева Ш. Чемпионнинг туғилиши: [Уч марта жаҳон чемпиони Эркин Кутибоев ҳузурида] // Ўзбекистон овози. – 1998. – 15 окт.

**13.** Өтепбергенов Аяпберген. Мақтанышымыз Еркинбай: // Мәденият ҳәм спорт. – 2005. – 17 сен

**14.** Реймов Қ. Бахыт қусы қонған шаңарақ: [Спортшылар семьясы-Қутыбаевлардың спорттағы жеңислери ҳаққында.] // Еркин Қарақалпақстан. - 1998. – 1 янв.

**15.** Сейданов К. Ел перзенти: [Еркинбай Қутыбаевты «Қарақалпақстан спорты»атынан қутлықлаў].

**16.** Тромцкий. В. «Кувалда» Еркинбай Кутыбаев Чемпион по Кикбоксингу. // Вести Каракалпакстана. – 1995. – 10 июня.




Жеңимпаз кикбоксшылар.

## *2. Еркинбай Қутыбаевтың спорт майданындағы жетискенликлери*

**17.** Абибуллаев Д. Қарақалпақ «Кувалда»сының алтын медалы: [Кикбокс бойынша «Славутич» халық аралық лигасының қатнасыўшысы Еркинбай Қутыбаев Тайланд боксынан алтын медальды жеңип алды]. // Еркин Қарақалпақстан. -1995. – 20 май.

**18.** Абдиев Алланазар. Жетискенликлер жетерли. // Қарақалпақстан спорты. - 2004. – 29 апр.

**19.** Абдиев А. Бес мәрте жәҳән чемпионы болған жерлесим менен сырласыў: [Бес мәрте жәҳән чемпионы Еркинбай Қутыбаев пенен сәўбет]. // Қарақалпақстан жаслары. – 2004. – 11 дек.

**20.** Абилов Ф. Ўзбекистон муайтайчиларнинг муваффақияти пойтахтимиздаги «Ўзбекистон» спорт соғломлаштириш мажмуасида ташкиллаштирилган муайтай буйича жаҳон чемпионати якунланди: // Халқ сўзи. – 2011. - 28 сен.

**21.** Абдирасулиева М. Ҳәўес еткен спортшымыз. // Устаз жолы. - 2010. -20 фев.

**22.** Ажибаев Қ. Еркинбайдың избасары: [Муайтай бойынша жәҳән чемпионатында екинши орынды ийелеген Азамат Ешниязов ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. - 2006. - 6 апр.

**23.** Ажибаев Қ. Чемпионлар «Ақ жағыс»тан да шығады: [ Зәрипбай Алланиязов ҳаққында очерк] // Еркин Қарақалпақстан. - 2010 - 10 авг.

**24.** Ажимов С. Кувальда бес мәрте жәҳән чемпионы. [Еркин Қутыбаев ҳаққында.] // Қарақалпақстан жаслары. – 2004. – 20 нояб.

**25.** Бесинши чемпионлық - ақырғы шек емес: [Еркин Қутыбаев пенен сәўбет]. // Еркин Қарақалпақстан. – 2004. – 9 дек.

**26.** Гүлимбетов С. Олимпия резервлери тәрбияланбақта. // Мәдeният ҳәм спорт. – 2013. – 25 май.

**27.** Гүлимбетов С. Тайландтан табыс пенен: // Мәдeният ҳәм спорт. – 2014. - 24май.

**28.** Даўекеев Г. Әжайып жетискенликлер: [Нөкис Олимпия-резервлери колледжи ҳаққында]. //Устаз жолы. – 2010. - 26 июнь

**29.** Ерназаров К. Еркинбай Қутыбаев үшинши рет жәҳән чемпионы: // Қарқалпақстан жаслары. - 1998. – 3 сент.

**30.** Еркин тағыда чемпион: [Тайландтың пайтахты-Бангкоктың муайтай (тай-бокс) бойынша өткерилип атырған дүнья жүзи чемпионатына қатнасып төртинши рет дүнья жүзи чемпионы болды]. // Еркин Қарақалпақстан. – 2002. – 30 июль.

**31.** Жаниев С. Муайтай раўажланыў басқышында: [Еркинбай Қутыбаев пенен сәўбет]. // Еркин Қарақалпақстан. – 2012. – 15 май.

**32.** Жолдасова Айша. Еки рет дүнья жүзи чемпионы. // Қарақалпақстан жаслары. – 1997. – 29 нояб.

**33.** Жолдасова А. Еркинбай Қутыбаев жәҳән чемпионы. // Қарақалпақстан жаслары. – 1998. – 10 сент.

**34.** Жонихонов М. Изида издошим бор: [Ўзбекистон болалар спортини ривожлонтириш жамғармаси Қорақалпоғистон Республикаси бўлими раиси Эркинбой Кутибоев билан суҳбат]. // Халқ сўзи . – 2004. - 29 июнь.

**35.** Қалхоразов Д. Айрықша жыл болды. // Qaraqalpaqstan sporti. – 2005. – 6 янв.

**36.** Қарлыбаев Ә. Туран баҳадыры: ҳүжжетли повесть: [Тайбокс бойынша бес мәртебе жәҳән чемпионы Еркин Қутыбаев ҳаққында] - Нөкис: Қарақалпақстан, 2009. - 64 б.

**37.** Қабыллаў: [Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М. Ерниязов 5 мәртебе жәҳән чемпионы болған Е. Қутыбаевты қабыл етти.]. // Qaraqalpaqstan sporti. – 2005. – 6 янв.

**38.** Қарақалпақ кувалдасының қудиретин жәҳән төртинши мәрте тән алды: [Сөз төртинши мәрте тай-бокс бойынша жәҳән чемпионы Еркинбай Қутыбаев ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. – 2002. – 8 авг.

**39.** Қутлықлаймыз: [Өзбекстан Республикасы Президенти И. Каримовтың 2006- жылы 9 январьдағы қарары]. // Мәдeният ҳәм спорт. – 2006. – 14 янв.

**40.** Қутлықлаймыз: [Өзбекстан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың 2006-жыл 9 январьдағы қарары менен Өзбекстан Республикасы мәдeният ҳәм спорт ислери министриниң биринши орынбасары лаўазымына бес мәрте муайтай бойынша жәҳән чемпионы Еркинбай Қутыбаев Меңлибаевич тайынланды] // Мәдeният ҳәм спорт газетасы. – 2006. – 14 янв.

**41.** Қутыбаев Е. Шәкиритлеримнен үмитим көп. // Қарақалпақстан жаслары. – 2005. – 31 март.

**42.** Қутыбаев Еркинбай. Мийнетлеримиздиң жемислери көринип атыр. // Қарақалпақстан жаслары. – 2010. - 18-март.

**43.** Реймов Қ. «Қарақалпақ кувалда»сының әжайып жеңиси: [Тай-боксы бойынша жәҳән чемпионы Еркинбай Қутыбаев ҳаққында.] // Еркин Қарақалпақстан. – 1997. - 3 май.

**44.** Сейданов К. Еркинбай үшинши рет жәҳән чемпионы: // Қарақалпақстан спорты. – 1998. – 31 авг.

**45.** Сейданов К. Ел перзенти: [Еркинбай Қутыбаевты «Қарақалпақстан спорты» атынан қутлықлаў]. // Қарақалпақстан спорты. – 1998. – 30 сент.

**46.** Тилеўмуратов Б. Ким айтады қарақалпақта батыр жоқ деп…: [Төрт мәрте жәҳән чемпионы Е. Қутыбаев ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2002. – 15 авг.

**47.** Хабибуллаев М. Спорт хабарлары: Еркин гүрес, Бокс, Футбол. // Еркин Қарақалпақстан. - 1993. - 6 июль

**Библиографиялық қолланбаға жәрдемши көрсеткишлер:**

**Исмлер көрсеткиши:**


| | |
|---|---|
| Абибуллаев Д. | 17 |
| Абдиев А. | 18, 19 |
| Абилов Ф. | 20 |
| Абдирасулиева М. | 21 |
| Ажибаев Қ. | 22, 23 |
| Ажимов С. | 24 |
| Әбдирахманов О. | 1 |
| Бердибаев М. | 2, 3 |
| Гүлимбетов С. | 5, 26, 27 |
| Даўекеев Г. | 28 |
| Даўлетназарова С. | 6 |
| Ерназаров К. | 29 |
| Ефремов А. | 7 |
| Жайбергенов С. | 8 |
| Жаниев С. | 31 |
| Жолдасбаев С. | 9 |
| Жолдасова А. | 10, 32, 33 |
| Жонихонов М. | 34 |
| Идирейсов А. | 11 |
| Йўлдашева Ш. | 12 |
| Қалхоразов Д. | 35 |
| Қарлыбаев Ә. | 36 |
| Қутыбаев Е. | 41, 42 |
| Өтепбергенов А. | 13 |
| Реймов Қ. | 14, 43 |
| Сейданов К. | 15, 44, 45 |
| Тилеўмуратов Б. | 46 |
| Тромцкий. В. | 16 |
| Хабибуллаев М. | 47 |

**Атамалар көрсеткиши:**

| | |
|---|---|
| Бесинши  чемпионлық-ақырғы | 25 |
| «В Людях ценю порядочность | 4 |
| Еркин тағыда чемпион: | 30 |
| Қабыллаў: | 37 |
| Қарақалпақ кувалдасының | 38 |
| Қутлықлаймыз | 39, 40 |

**Дүзиўши:**

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Мәлимлеме – китапхана орайы**
**Үлкетаныў мағлыўматлары**
**секторының баслығы** **А. Халмуратова**